

Extrait original en kirundi et traduit en français :

**les 6 dernières minutes de la discussion entre Bob Rugurika et l'invité de "Kabizi" du 11 mars 2015,
Me Isidore Rufyikiri**

(le son est à écouter sur <http://www.rpa.bi/images/audios/KABIZIDU11032015.mp3>)

Sources:

http://www.iwacu-burundi.org/blogs/rolandrugero/files/2015/03/Extraits-des-propos-de-Me-Isidore-Rufyikiri-dans-Kabizi-du-11-mars-2015_KIR.pdf (visité le 13 mars 2015)

et

http://www.iwacu-burundi.org/blogs/rolandrugero/files/2015/03/Extraits-des-propos-de-Me-Isidore-Rufyikiri-dans-Kabizi-du-11-mars-2015_FR.pdf (visité le 13 mars 2015)

Iminota 6 yanyuma y'ikiyago hagati Bob Rugurika na Me Isidore Rufyikiri, muri "Kabizi" yo kuw'i 11 Ntwarante 2015 (mushobora kwumviriza ikiganiro cose kuri <http://www.rpa.bi/images/audios/KABIZIDU11032015.mp3>)

[...]

- Kuvyerekeye inguvu zihishije zishobora kuba ziri inyuma yibizoba imbere, nakivuze. Akagacerere Abarundi n'Amakungu barasemerera bati Umukuru w'ihugu ni ageze ngaho, akinumira, bintera amakenga. Kuko mubisanzwe uko tuzi amareta atwarwa, n'inguvu ziri hagati yamareta n'ayandi, sinobonye ingene umukuru w'igihugu c'Uburundi yoshoboye kurinda Abanyamerika, Abazungu, Union Europeenne, East Africa Community, ...
- Ariko, ntiwibagire ko atwara igihugu cikukiye ...
- Ego carikukiye. Mbega ukwikukira ni ukuvuga iki ? Mu gifaransa, bavuga bati "*Tout les hommes sont égaux, mais il y en a qui sont égaux plus que les autres.*"
- Niko bavuga, mugabo siko amategeko abivuga ...
- Ntiwovuga ngo uri souverai, ngo warikukiye ngo bivuge ko abandi bose wobaneshya. Mubisanzwe, uhora ubona canke waravyiboneyeko ingene abantu bapfungwa iyo abantu bamwebamwe bahagurutse bati "Ibintu bibaye gutya turahagarika" bagaca bahindura
- Ariko akabazo kanje : "Wibaza none ko ivyo bihangange vyoba biri inyuma y'aka gacerere bigamije iki ?"
- Jewe nguma nibaza yuko, ivyo maze kubona muri aka karere bibayo, ukaraba nkingene amagenocides yabaye muri aka karere, ukaraba haba mu Burundi, haba mu Rwanda, ...
- Muri za Congo hose ...
- Eehh, ukaraba ingene Ndadaye akantu kaza kumwica ingene kaje nkagashurururwi, siko ? Ukaraba ingene yagiye ngaho, akaba Président agatorwa neza Uburundi bwose n'Amakungu bakavyemera, hanyuma munyuma bikazunguruka bikazunguruka, ...
- Uhm ?
- Ibintu n'uyu munsu tutaramenya. Vyagumye mugacerere intwari zose zakurikiranye, ntanumwe ashaka kubikorako, ngo abwire Nations Unies data wanje ati rondera Cour Pénale Spéciale ku Burundi irabe abishe Ndadaye abaribo, n'igituma bamwishe. Ariko urabona icavuyemwo ? Bavuze bati Ndadaye yishwe, yishwe n'Abatutsi, baca baja mu Batutsi, baranigagura. Siko ?
- Uhummm !
- Abandi baHutu n'abo baricwa munyuma.
- Uhmmm !
- Ni uko ! Uravye, mu minsi mikenya mu Rwanda, bigenda gutyo nyene. Uravye nka Havyarimana, urabona yuko Ubwicanyi bwabaye mu Rwanda, yari yarabuteguye. Bwabaye atarapfa. Ubwicanyi bahitanye Abatutsi mu Rwanda, Havyarimana yabuteguye azi neza yuko wewe buzoba agasigara. Mugabo ntiyarazi yuko bamunyegeje yuko ariwe wambere azobanza gupfa, kugirango ubwicabyi bube, kuburyo buhanitse !
- Uti rero wewe hariho inguvu zinyejeje ziriko zitegura ibi bintu ...
- Président Ndadaye, vyagenze nkuko nyene. Muri Rapport du Conseil de

Sécurité des Nations Unies, baravuga ko mugutwagura ubwicanyi bwahitanye Abatutsi mu 93, bwateguwe imbere yuko apfa.

- Uhummm ! Mu cegeranyo c'Ishirahamwe mpuzamakungu ONU ?

- Ego ! Hanyuma, ubonye ingene Ndadaye yapfuye, Ndadaye yapfuye ibintu ataziga, atarazi. Yagira ati ibi bintu biraza kuba, mugabo jewe mbandanye ndiho. Mugabo bakamunyegeza yuko, kugira ngo ubwo bwicanyi burondera Abatutsi bugende neza uko bavyipfuzaga, buhitane benshi bashoboka ...

- Uhm !

- Bazogenda barabe umututsi canke abatutsi bahenda bati genda, nimba babahaye amahera, nimba ari ibindi sindabizi, n'iyi dossier ntiratunganywa, bati bamwice, Abahutu bace bavugaga bati Umupresident twari twitoreye ubwambere, Abatutsi barashoboye gukora ibara baradutwaye umupresident ? Reka duce tubahonye.

- Ni zanguvu uvuga ko zinyegeje ...

- N'ubu, iyo ndiko nadaraba ibintu bigize iminsi biba, guhera birya vya Kiliba Ondes, gushika n'ibindi vyose vyakurikiye munyuma muzi, nivyo twobsera biba ivyo vya Rukoti n'abandi, jewe birantera amakenga, birantera ubwoba yuko hashobora kuba hinyegeje imigambi mibi ikorwa iteguriwe hanze igakorwa n'Abarundi bagashuka, haraho bahenda umukuru w'Igihugu, haraho bashobora guhenda ... kenshi bahenda Abakuru b'igihugu bakamubwira bati genda wewe ukore ikidakoreka bakaba bazi ko hazoba imigumuko, bace bakorokeramwo, bonone abantu, bagire ubwicanyi, bagire ama génocides, ...

- Ariko gushika ubu nta bimenyetso vy'izo nguvu zo hanze zihari ?

- Ibimenyetso, Bob, uri umuntu usoma ibitabo, biriho. Turazi ingene ingwano zo kwisi zabaye ...

- Twizere yuko atamigumuko, twizere ko atamaraso ashobora guseseka mumyiyerekano, akajambo kanyuma kihumure ...

- Twizere yuko Pita Nkurunziza yokwerekaga Abarundi ubwanyuma umutima w'ubuvyeyi n'ugukunda Abarundi n'ugukunda umuryango wiwe afise kugira ngo atunganirize abarundi ababwirira ati Jewe ivyo bintu naho mumutima wanje numva noba ndabifitiye ububasha, ndabiheye.

- Uhmhhh.

- Iryo jambo rirashika kumuntu w'umushungantahe.

- Ivyo vyarigeze kuvugwa n'uwahoz atwara umugambwe Cnnd-Fdd Jeremie Ngendakumana.

- Ati ivyo bintu hako bizanira imvururu Abarundi, jewe ndabiheye ndakuyemwo akarenge ...

- Nico wipfuzaga. Ariko amategeko nayo akimwemerera kwitoza ...

- Oyaaa. Ndiko ndabivugaga nk'impanuro, abikurikiza abishatse. Muga jewe nibaza ko abikurikije, yoba akoreye neza Uburundi. Atarivyo naho, Nations Unies nibayisabe izane abantu banonosoye ibintu vy'amategeko, baze basome, si Abarundi, Accord d'Arusha ni bo bayihagarariye, bavugaga bati duhagaze ngaha tubona yuko yokwitoza abishatse canke atagishobora kwitoza. Urubanza rucike.

[...]

Extrait traduit en français : ce sont les 6 dernières minutes de la discussion entre Bob Rugurika et l'invité de "Kabizi" du 11 mars 2015, Me Isidore Ruffyikiri
(le son est à écouter sur <http://www.rpa.bi/images/audios/KABIZIDU11032015.mp3>)

[...]

- Pour ce qui est des forces occultes qui sont derrière ce qui va se passer dans le futur, je me suis déjà exprimé là-dessus. Ce silence alors que les Burundais et la Communauté Internationale lancent des alertes en demandant que le Président de la République arrête [...], et lui muré dans le silence, tout cela m'inquiète. Car, en général selon ce que nous savons de la gestion des États, et les rapports de forces entre États, je ne verrais pas comment le président de la République pourrait affronter les Américains, les Blancs, l'Union Européenne, East Africa Community, ...

- Mais n'oublie pas qu'il dirige un pays indépendant ...

- Oui, le pays est indépendant. Mais que veut dire « être indépendant » ? En français, on dit que "tous les hommes sont égaux, mais il y en a qui sont égaux plus que les autres"

- C'est ce qu'on dit, mais ce n'est pas ce que dit la loi ...

- Tu ne peux pas dire que tu es souverain, que tu es indépendant et que cela signifie pour toi que tu vaincras tout le monde. En général, tu vois ou tu as déjà vécu comment certaines personnes sont emprisonnées, avant d'être relâchées si certaines personnes se lèvent et disent "Si les choses se passent ainsi, nous allons tout arrêter !"

- Mais ma question reste. Quelle serait la motivation du silence imposé par les personnes puissantes que nous observons actuellement ?

- Moi je reste convaincu qu'au vu de ce qui se passe dans cette région, quand tu regardes comment les génocides ont été commis dans cette région, quand tu regardes au Burundi, au Rwanda, ...

- Au Congo aussi ...

- Oui ! Si tu analyses comment le petit détail qui a tué Ndadaye est venu sans crier gare, tu vois ? Si tu observes comment il a été là, bien élu comme Président sous l'acquiescement des Burundais et de la Communauté Internationale, avant que les choses ne commencent à tourner, à tourner ...

- Uhm ?

- Des détails que nous ne savons toujours pas. Cela est resté couvert de silence, et de tous les gouvernements qui se sont succédé, aucun n'a voulu se pencher sur ce dossier. Pour que l'on s'adresse aux Nations Unies afin que l'on demande une Cour Pénale Spéciale sur le Burundi qui établirait les responsabilités sur ceux qui ont tué Ndadaye ainsi que les raisons ... A contrario, as-tu vu la suite ? Ils ont dit « Ndadaye a été tué, par des Tutsi. » Et ils se sont rués parmi les Tutsi, et les ont massacrés. N'est-ce pas vrai ?

- Uhummm !

- Puis d'autres Hutu ont été tués par après.

- Uhummm !

- Voilà ! Tu constates aussi que, quelques jours après, ce fut le cas au Rwanda. Quand tu observes Havyarimana, tu vois que les tueries qui se sont passées au Rwanda, il les avait préparées. Elles se sont passées avant qu'il ne meure. Les massacres qui ont emportés les Tutsi au Rwanda avaient été préparés par Havyarimana en sachant bien que lui, il s'en tirerait indemne. Mais il ne savait pas qu'on lui cachait qu'il serait la première victime, pour que les tueries soient aient un effet maximal.

- Pour toi donc, il y a des forces occultes qui préparent des choses pareilles ...
 - Ce fut le même cas que le Président Ndadaye. Dans le Rapport du Conseil de Sécurité des Nations Unies, on décrit comment les massacres visant les Tutsi en 93 ont été préparés avant sa mort.
 - Uhummm ! Dans le rapport de l'Organisation internationale des Nations Unies ?
 - Oui ! Ensuite, quand tu observes comment Ndadaye est mort, il est mort dans des circonstances qu'il n'espérait pas, qu'il ne connaissait pas. Il se disait que les massacres allaient avoir lieu, mais que lui resterait en vie bien après. Il ne savait pas qu'on lui cachait que, pour que ces massacres qui visaient les Tutsi atteigne les prévisions des concepteurs, pour qu'ils aient un effet maximal ...
 - Uhm !
 - Ils lui ont caché donc qu'ils allaient chercher un Tutsi ou plusieurs, qu'on allait envoyer, soudoyés par de l'argent peut-être, on ne sait pas trop vu que le dossier n'est pas encore ouvert ... Mais en tout cas, on lui a caché qu'on allait envoyer ces gens pour le tuer, pour que les Hutu disent "Voilà, on vient d'assassiner le premier Président que nous venions d'élire. Les Tutsi viennent de commettre ce crime et nous arrachent le Président ? Éliminons-les tous."
 - Ce sont les forces occultes dont vous parlez ...
 - Même maintenant, quand j'observe les derniers développements de l'actualité, en commençant par l'affaire Kiliba Ondes, puis la suite, jusqu'à ces phénomènes observés ici et là de Rukoti, tout cela me remplit de crainte. J'ai peur qu'il n'y ait derrière des projets funestes, préparés en dehors du pays par des Burundais qui trompent le président [Nkurunziza]. Souvent, des gens pareils trompent les Chefs d'États en leur conseillant de commettre l'irréparable, en sachant exactement qu'il y aura des révoltes, pour qu'en retour, on se mette à tuer des gens, à commettre des génocides, etc ...
 - Mais jusqu'à date, il n'y a pas de signe de ces forces venant de l'extérieur ?
 - Bob, si tu es quelqu'un qui lit, les signes sont déjà. Nous savons comment les guerres à travers le monde ont commencé ...
 - Espérons qu'il n'y aura pas de révoltes, espérons qu'il n'y aura pas de sang versé durant les manifestations ... Un dernier mot d'apaisement ?
 - Espérons que Pierre Nkurunziza va montrer aux Burundais, pour la dernière fois, son amour pour la patrie, ses compatriotes et sa famille qu'il a, pour qu'il rende justice aux Burundais et leur dise : « Même si dans mon cœur je sens que j'ai droit [au troisième mandat], je laisse tomber. »
 - Uhmhhh.
 - Ces mots peuvent venir d'un homme qui est un Umushingantahe.
 - Cela a été un jour dit par l'ancien celui qui dirigeait à l'époque le parti Cnnd-Fdd Jérémie Ngendakumana.
 - Il peut prendre position, et dire qu'en place et lieu des tensions que cela peut entraîner parmi les Burundais, il lâche l'affaire ...
 - C'est ton souhait. Mais si la loi lui autorise encore de se représenter ...
 - Nooon ! Je dis ceci comme des conseils, qu'il suivra s'il veut. Mais je pense qu'il les suit, il aura rendu service au Burundi. Sinon, qu'on demande aux Nations Unies d'envoyer des experts en droit, qu'ils viennent lire. Ils ne sont pas Burundais. Ils ont été les témoins de l'Accord d'Arusha. Qu'ils lisent donc et nous disent leur position, s'il peut se faire élire s'il le veut, ou pas. Et que justice soit faite.
- [...]